Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

# Гумбет



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

## Гумбет районалъул газета

№ 39 (6619) | 24 сентябрь 2018 с. | Итни | МухІаррам 1440 с. | Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## 27 сентябрь – тарбия кьолезул къо

**27 сентябрь ккола тарбия кьолезул ва школалъул гІумруялде рахинчІел лъималазул учреждениязул хІалтІухъанасул къо.**

Жидерго махщалилаб байрамалде хІалтІулъ лъикІал хІасилалги росун дандчІвай гьабулеб буго Бакълъулазул районалъул росабалъ ругел ясли-ахазул ва школазда цере рагьарал лъималазул учреждениязул тарбия кьолезги цогидал хІалтІухъабазги.

РакІ-ракІалъ баркула тарбия кьолезда ва школалъул гІумруялде рахинчІел лъималазул учреждениязул хІалтІухъабазда махщалилаб байрам.

Гьарула нужее талихІ, рохел, гьабулеб ишалъулъ икъбал, тІурайги рекІел мурадал, кьеги халатаб гІумруги щулияб сахлъиги. Биччанте нужееги, нужеца хъулухъ гьабулел, тарбия кьолел ругел лъималазеги кидаго букІине гвангъараб бакъ ва роцІцІараб зоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ТІабигІияб газ, ток, цІатари...

**Бакълъулазул районалда гьоркьоб лъуна хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде хІадурлъиялъул суал**

**18 сентябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тІобитІана хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде хІадурлъиялъул, лъедалъун хьезари лъикІлъизабиялъул, газ бачиналъул ва цогидалги кІвар бугел суалал гьоркьор лъураб данделъи.**



Данделъиялда гІахьаллъана гІадлу-низам цІуниялъул ва цогидалги федералиял, республикаялъулал, муниципалиял хъулухъазул вакилзаби. Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас. Районалъул бакІал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетІерав специалист ХІажимурад АхІмаднабиевас бицана муниципалитеталъул учреждениял ва гІуцІаби хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде хІадурлъи кин унеб бугебали. 2018 соналъул 1 октябралде хІадуризе ккола хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде район хІадурлъун букІиналъул паспорт. «Щибаб объекталда шартІал чІезаризе ккола квач баккилелде. Хасаб кІвар кьезе ккола школалъул гІумруялде рахинчІезул учреждениязде ва школазде», - ян абуна ХІажимурад АхІмаднабиевас. Гьес гьединго бицана районалде газ бачиналъе, лъедалъун росаби хьезариялъе гьабулеб хІалтІул ва цогидалги бакІал раялъул хІалтІаби тІураялъул бугеб хІалалъул.

«Араб анкьалъ Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабуна 168 чиясе. Филиалалда лъун буго машина бачине ихтияралъул удостворениял кьезе оборудование. ГІадамазул хІажалъаби тІуразе филиалалда санагІатал шартІал чІезарун руго», - ян абуна гьелъул нухмалъулев ГІумар МухІамадовас.

Бакълъулазул районалъул гІолилазул централъул нухмалъулев МухІамад Зубайировас рехсана гІолилазул гІахьаллъигун араб анкьалъ гьарурал хІалтІаби. «ГІолилазул централъул нухмалъулесул заместитель Заур Халидовас гІахьаллъи гьабуна халкъазда гьоркьосеб «Каспий – 2018» форумалда. ЦІиябкак районалъул ЦІиябчуртахъ росулъ тІобитІана спортивияб акция. Районалъул гІолилал гІахьаллъана Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялъул хІурматалда тІобитІараб «Цолъиялъулъ буго нилъер къуват» абураб фестивалалда ва цогидалги тадбиразда», - ян абуна МухІамад Зубайировас.

Районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухІамад ГІумардибировас бицана лъималазул махщел цебетІезабиялъе координационниб центр гІуцІун бугин, цІалдохъаби щибаб сонилаб «ХІамзатовасулал цІалиязде» хІадурлъун ругин.

Лъайкьеялъул бутІаялда бугеб хІалалда тІадчІей гьабуна районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Муса КъурамухІамадовас.

«510 гектаралдаса ракІарана гага бугел пихъал. Сезоналда жаниб бакІарана 3488 тонна пихъил. «Данукский» СПКялъул хъутаналда 40 гектаралда гІезабуна пиринчІ. 660 гектаралда рекъун рукІана хаслихъе культураби. АПКялда бугеб хІалалъул бицана райадминистрациялъул экономикаялъул, росдал магІишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухІма МухІамадовасул рагІабазда рекъон, районалъул спорталъул гІумру лъугьа-бахъиназ бечедаблъун лъугьун буго. ТІобитІана теннис хІаялъул турнир, хІадурлъулел руго ГТОялъул рахъалъ къецазде, хІисабалде босун буго минифутболалъул ва спорталъул цогидал тайпабазул чемпионат тІобитІизе.

Районалъул бетІерасул коррупциялде данде кьеркьеялъул рахъалъ кумекчи НурмухІамад ГІизудиновас ракІалде щвезаруна бюджеталъул хІалтІухъабазе ругел тІалабал, законалда рекъон хІалтІизе кколеблъи.

Районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас данделъиялъул хІасилал гьаруна, тІубараб къуваталда хІалтІеян абуна.

**ГІайшат Исламбиева**

ЖАМАГІАТАЛЪУЛ ГАЗА

## Щуго килищ, цохІо квер, босе, гьудул, босе гьаб

**«Нилъер къуват цолъиялъулъ буго» фестивалалъул лахІзатал**

**Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялъул хІурматалда Гъизилюрт районалъул Гелбахъ росада гІагарлъухъ тІобитІараб «Нилъер къуват цолъиялъулъ буго» фестивалалда ва Дагъистаналъул муфти, шайих АхІмад Афандил хІурматалда тІобитІараб чуял риччаялда гІахьаллъана Бакълъулазул районалъул делегациги.**

Гьеб тадбиралда гІахьаллъана шайих АхІмад Афандиги. Фестивалалъул хІалтІулъ гьединго гІахьаллъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул бетІерасул Администрациялъул ва ХІукуматалъул нухмалъулесул тІоцевесев заместитель Владимир Деревянкоца, Гъизилюрт районалъул бетІер МухІамад ШагІбановас, Халкъияб Собраниялъул депутат Нариман Темуркаевас,

(Ахир - 2 аб. гьумер.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ЦІалул тІахьалги гІураб къадаралда гьечІо, ингилис мацІалъул учительзабиги хІажат руго
-2 гьум.



ИгьалисА Халид МуртазагІалиевас американав Си Би Доллоуэй вухана
-2 гьум.



Бакълъулазул районалда тІоритІана «ХІамзатовасулал цІалиял»
-3 гьум.



Сагъри-ЦІияб Аргъвани шагьранух къачІана
-4 гьум.

# Щуго килищ, цохIо квер, босе, гьудул, босе гьаб

(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.) динияв хIаракатчагIаз, машгъурал спортсменаз, нухмалъиялъул вакилзабаз ва цогидаз.

Дагъистаналъул муфти,



шайих АхIмад Афандица киназдаго баркана Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо, жамгIиял къуватал ахIана цолъун ва цадахъ рекъон республика цебетIеялъе гIоло къеркьезе. «Жеги цIикIкIун цоцалъ гъункизе, цолъизе ккани, нилъ цоцаздехун рекIел гурхIелгун ралагьизе, цоцазе рокьизе ккола. Дагъистаниязда гьоркьоб рокьи цIикIкIиналъ квербакъизе буго нилъер республика цебетIеялъе. РакI чIола Дагъистаналда кинабго дагьабги лъикIлъизе букIиналда», – ян абуна шайих АхIмад Афандица.

Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевасул нухмалъиялда, гьеб мухъалъул делегациялъ жиграб гIахьаллъи гьабуна фестивалалда. Районалъул администрациялъул вакилзабаз, культураялъул, халкъияб информациялъул, гIолилазул гIуцIабазул хIалтIухъабаз хIадурун букIана муниципалитеталъул тарих, гIадатал ва гIумру бихьизабулел экспозициялгун павильон.

Фестивалалъул программаялъ гьорлъе рачун рукIана батIи-батIиял тадбирал. ТIоритIана спортивиял къецал. Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад Афандил хIурматалда 7 нухалъ риччана чуял. ТIоритIана спорталъул миллиял тайпабазул къецал. Маданиял хIаракатчагIаз рихьизаруна художественниял номерал, спорталъул батIи-батIиял тайпабазул мастер-классал лъикI.




Фестиваль тIобитIиялъе кумекалъулаб квер бегьана Бакълъулазги, «УПТК» ОООялъул генералияв директор МухIамад Загьидовас ва цогидалги сахаватчагIаз спонсорлъиялъулаб кумек гьабуна, садакъа кьуна. ГIолилазул гIуцIабазул вакилзабаз волонтеразулаб хIалтIи лъикI гIуцIана.

Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад Афандица ракIалде щвеялъул сайгъатал кьуна. ГIахьалчагIазе миллиял квеналги чIезарун рукIана. Ахиралда гьабуна дугIаги.

**Гебек Гебеков**

НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ

# ЦIалул тIахьалги гIураб къадаралда гьечIо, ингилис мацIалъул учительзабиги хIажат руго

**«Гумбет» газеталъул хIалтIухъаналъул суалазе жавабал кьолел руго Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас**

**Рамазан МухIамадов гьавуна МелъелтIа росулъ. 1981 соналда гIагараб росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб институталъул къватIисел пачалихъазул мацIазул факультеталде. 1986 соналда ингилис ва немцазул мацIазул учителасул махщел щвараб дипломгун хIалтIизе вачIана районалде.**

МугIалимасул хIалтIул хIаракатчилъиялде Рамазаница тIоцебе гали тIамуна Цилкиль гьоркьохъеб школалда ва гьенив хIалтIана лъабго соналъ. Хадув хIалтIизе вачIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалде.

2018 соналъул 31 январалде щвезегIан ингилис мацIалъул учительлъигун цадахъ бачана директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместителасул хIалтIиги. 2005 соналда лъайкьеялъулъ лъураб бутIаялъе гIоло Рамазанида щвана «Россиялъул Федерациялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» абураб цIар. Лъайкьеялъул отделалъ мугIалимзабазда гьоркьоб тIобитIараб «ЛъагIалил – мугIалим» конкурсалда мустахIикълъана тIоцебесеб бакIалъе.

2018 соналъул тIоцебесеб февралалдаса 31 июлалде щвезегIан нухмалъи гьабуна райадминистрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъе. Гьаб сагIат хIалтIулев вуго районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулевлъун. «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана гьевгун ва кьуна цо-цо суалал.

**- Рамазан, кIиго моцIгIанасеб заман унеб буго мун гьаб хъулухъалде лъугьаралдаса, хIалтIи сундасан байбихьараб?**

- Дир хIалтIул байбихьиги цIияб цIалул соналде школазул хIадурлъиялде данде ккана. Гьедин лъайкьеялъул учреждениязул цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул хIакъалъуль райадминистрациялъул заседаниялде босараб суалалде хIадурлъиялдасан байбихьана.

Август – сентябрь моцIал ккола лъайкьеялъул отделалъе ва школазул нухмалъулезе бищун хIалуцараб заман. РукIуна батIи-батIиял хъаравуллъиялъул идарабаз тIалаб гьабун тIадчIезе ккарал ва тIурачIого бегьуларел хIалтIаби. Абизе бегьула гьелда хурхун гьарулел хIалтIаби гIуцIа-къан анин. Амма хутIун руго жеги тIурачIел, тIад кIвар кьезе кколел масъалабиги.

МугIалимзабазул иргадулаб августалъулаб данделъиялде къокъабго заманалда хIадурлъи - гьеб букIана байбихьудаго цебе чIараб масъала. Гьеб тадбир гIуцIа-къан тIобитIиялъе квербакъана лъайкьеялъул отделалъул коллективалъ. Баркала буго гьезие.

**- Школазда ва ясли-ахазда тарбия-лъай борхизабиялда сверухъ кинал хIалтIаби гьарулел ругел?**

- Лъайкьеялъул отделалъул, гьединго щибаб лъайкьеялъул учреждениялъул рукIуна лъагIалил тарбия – лъай гьеялда гьаризе ругел хIалтIабазул планал. Гьел планал гIуцIиялде лъайкьеялъул министерствоялъ цIикIкIараб кIварги кьолеб буго. Гьедин, киналго школазул планал министерствоялъ



жидехъего халгьабизе ахIун ана ва гьелда хурхун методикиял малъа-хъваял гьарураб справка отделалде бачIинеги буго. Гьелъги бицунеб буго школазда гьарулел хIалтIаби тIадегIанаб даражаялде рахинариялде кIвар буссинабулеб букIин.

Лъайкьеялъул законалда рекъон лъималазе тарбия кьей умумузда тIадаб буго. Амма, гьитIинго пагьму –гьунар бугел лъимал тIатинари ва гьезул гIелму-лъаялдехун рокьи бижизаби – гьеб ккола мугIалимасул хIалтIи. Гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIуде цIикIкIараб кIвар буссинаби – гьеле жакъа къоялда школазда цебечIараб масъала.

ХIукуматалъ кIвар буссинабулеб буго хIисаб гIелмуялъулгун физикаялъул, химиялъулгун биологиялъул ва техническияб рахъалъ лъималазул цебетIеялде.

ЛъикIаб лъай щвезе ккани махщел-лъай тIокIал мугIалимзабиги кьваригIуна. Районалда гIезегIан руго жидер махщел камилал мугIалимзаби. Амма, гIолохъанал специалистал хIалтIудехун жавабчилъи гьечIел рачIунел руго. Гьединазул лъай борхизабизе гIуцIулел руго курсал.

**- Кинаб кIвар бугеб лъайкьей цебетIезабиялъуль интерактивиял технологиязул?**

- Заманаялъ кидаго жиндирго шартIал цере лъола. Жакъа къоялда нилъер гIумруялъул щибаб бутIаялда бессун буго информационниябгун технологияб лъай. Гьелъ чара гьечIого нилъ тIамулел руго компьютерияб технологиял лъазабизе. Амма гьанжесеб гIел гьел технологиязде гьорлъе бигьаго ккана. Умумузулги мугIалимзабазулги масъалаъун ккола гьелдасан битIун пайда босизе лъимал ругьун гьари, хIажат гьечIел жамгIиял сайтазде жанире гьел лъугьиналдаса цIуни.

**- ХIалтIулъ захIмалъаби дандчIвалел ратила…**

- Жидерго хIалтIул гIуцIиги лъалел, махщел - лъайги бугел, тIадкъараб хIалтIиги жиндир заманалда тIубалел специалисталги, цоцалъ гъункараб коллективги бугони, кинал ругониги захIмалъаби къезаризе кIола. Гьединаб коллектив букIиналда дир ракI чIола.

**- Школазда мугIалимзабазул гIураб къадар бугищ?**

- Руго цо-цо школал специалистал хIажатал. Хасго районалъе хIажат руго ингилис мацIалъул мугIалимзаби. Щайгурелъул гIурус мацI ва хIисаб гIелмугун цадахъ 2020 соналда гьеб мацIалъул экзамен кьезе тIадаблъун бихьизабун бугелъул.

**- ЦIалул тIахьаздалъун цIалдохъаби хьезари кинаб даражаялда бугеб?**

- Гьеб буго жакъа нилъер республикаялдаго «унтараблъун» бугеб суал. Араб цIалул соналда республикаялъул школалъ хьезарун рукIун ратани 82 процент тIахьаздалъун, ай щивав цIалдохъанасе 9 цIалул тIехь кколедухъ, гьаб цIалул сон байбихьилелде гьеб ккун буго 58 проценталде. Республикаялъул бетIерас суал лъун буго кибе араб 931 миллион гъурущ харж гьабураб 24 процент тIахьазул? Гьелда сверухъ бахъана кIудияб ахIи-хIур. Республикаялъе тIадеги кьваригIунеб батана, 100 проценталъ цIалдохъаби тIахьаздалъун хьезаризе ккани, 220 миллион гъурущ. Гьедин лъайкьеялъул министерствоялъ ахIана киналго шагьаразул ва муниципалитетазул лъайкьеялъул отделазул нухмалъулел ва гьеб иш тIаде кколел специалистал гIахьаллъараб данделъи. Ункъо къоялда жаниб республикаялъул школазда 2012 – 2017 соназде щвезегIан риччарал тIахьазул бугеб ахIвал-хIал лъазабун отчетал тIалаб гьаруна. Гьеб рахъалъ нилъер районалъе министерствоялъул специалистаз лъикIаб къиматги кьуна. Районалда руго цо-цо кIудиял школал тIахьазул ками бугел. Гьединал масъалаби директорзабаз жидецаго тIуразаризе ккола.

Аслияб къагIидаялда тIехь 5 соналдасан ярагьунареблъун рикIкIунеб букIун батани, гьанже тIехьазул бугеб хIалалъухъ балагьун, гьеб хIалтIизабизе тIадаблъун гьабун буго жеги цIикIкIун соназ. Гьелда тIад умумузулги учительзабазулги кьойилаб бербалагьиги букIине ккола.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

БАРКИ

# UFCалда бергьарав Халид МуртазагIалиевасда районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул барки

**ХIурматияв Халид АсхIабгIалиевич!**

**Баркула дуда UFC Fight Night 136 турниралда Си Би Доллоуэда тIад бергьенлъи боси. СШАялдаса хIалбихьи бугев спортсменасдаса бергьиналъе гIоло дуца кIудияб хIаракат бахъана. Дурго мисалалдалъун дуца гIолеб гIелалда бихьизабулеб буго спорталде машгъуллъиялъул тIокIлъи, гьел ругьун гьарулел руго къохIехьолеллъун, спорталде рокьи бугеллъун, бергьенлъаби щвеялъе гIоло къеркьохъабилъун гIун рачIине.**



Гьарула дуе жеги цIикIкIарал спортивиял бергьенлъаби. Бакълъулал чIухIарал руго дур бергьенлъабаздаса, районцояв мун вукIиналдаса. Цоги нухалъ баркула ва гьарула сахлъи, талихI-рохел!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ...

# Игьалиса Халид МуртазагIалиевас американав Си Би Доллоуэй вухана

## Бакълъулазул районалъул администрациялъул вакилзаби дандчIвана бергьарав спортсменасда

**16 сентябралда Бакълъулазул районалъул делегация, районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевасул нухмалъиялда,** жинцаго абухъе, «гIицIго 50 проценталъ гурони хIадурлъи гьабун гьечIониги». Гьес хисана сакъатлъарав Артем Фролов.



**МахIачхъалаялда аэропорталда дандчIвана UFCялъул къеркьохъан, хIалбихьи бугев жиндирго дандияв Си Би Доллоуэйида тIад Москваялда UFC Fight Night 136 турниралда бергьенлъи босарав Игьали росулъа Халид МуртазагIалиевасда**

Халид МуртазагIалиевасда букIинесеб спортивияб рагъул хIакъалъулъ лъана турнир тIобитIизе анкь хутIидал ва къецазде вахъине рагIи кьуна, 84 кг цIайиялда Халид МуртазагIалиевас кIиабилеб раундалда СШАялъул хIалбихьи бугев спортсменасда тIад бергьенлъи босана.

UFC Fight Night 136 турниралда гьединго бергьана Дагъистаналъул спортсменал Рустам Хабилов (70 кг), Рамазан Эмеев (77 кг), МухIамад Анкалаев (93 кг), Шамил ГIабдурахIимов (120 кг).

**Макка МухIамадова**


ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар кьураб республикаялъулаб музеялъул филиалалъул алатал

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

# МахIу беканиги, ракI тамахлъичIо...

## Теннисалъул рахъалъ сакъатазда гьоркьов Россиялъул чемпион Расул Назировасул цIаралда турнир тIобитIана

**15-16 сентябралда МелъелтIа росулъ тIобитIана Россиялъул кIицIулго чемпион, дунялалъулго спортивиял хIаязул чемпион, Россиялъул спорталъул мастер Расул Назировасул хIурматалда столалда хIалеб теннисалъул рахъалъ Бакълъул районалъул чемпионат.**




Бакълъул районалъул администрациялъ чемпионат тIобитIана, Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо кIодо гьабиялда хурхизабун, гьелъул мурадлъунги букIана сахлъиялда гIумру гьабизе гIолилал ахIи, хадубккунги спорталъе цебетIей щвей.

Къецазда гIахьаллъана 11 росдал вакилзаби. Командабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI Килалъа, кIиабилеб бакI ЧIикьа, лъабабилеб бакI МелъелтIа росабаз ккуна.

Теннис хIаялъул къецазда, командаялда гъорлъ гурев, живго хIан, чемпионлъун вахъана ЦIиликьа Улайбег ХIажимухIамадов, кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана Килалъа Мухтар Жамалудинов, лъабабилеб бакI щвана Килалъа ГIумахан МухIамадовасе.

ТIоцебесеб бакI ккураб килдерил командаялъе Бакълъулазул районалъул администрациялъ кьуна теннис хIалеб стол, киналго призеразеги щвана къиматал сайгъатал.

Къецал рагьулаго, Дагъистан Республикаялъул столалда тIад хIалеб теннисалъул Федерациялъул президент Константин Аванесовас гIемерал лъикIал рагIаби абуна Россиялъул чемпион Расул Назировасул хIакъалъулъ ва рагIи кьуна бакълъулазул ракьалда спорталъул гьеб тайпа цебетIезабиялъе квербакъизе.

Расул Назировас баркала загьир гьабуна къецал гIуцIаразе ва абуна хадубккунги жиндирго бергьенлъабаздалъун районги республикаги машгьурлъиялъе гIоло къеркьезе вугилан. Районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас баркала кьуна столалда тIад теннис хIаялъул Федерациялъул президент Константин Аванесовасе, Россиялъул чемпион, Россиялъул спорталъул мастерлъиялде кандидат Жамал Нажмудиновасе, Расул Назировасул рахъкквезе вачIарав Татарстаналъул тIаса бищараб командаялъул член, Россиялъул спорталъул мастер Гьарун Нуриевасе къецал гIуцIиялъулъ гьабураб



жигараб гIахьаллъиялъухъ. ХIурматиял гьалбадерица турниралъул гIахьалчагIазда рихьизаруна мастер-классалги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

РАСУЛ ХIАМЗАТОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 95 СОН

# Бакълъулазул районалда тIоритIана «ХIамзатовасулал цIалиял»

**20 сентябралда Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул отделалъул данделъабазул залалда тIобитIана дунялалдаго цIар рагIарав шагIир Расул ХIамзатовасул авар, гIурус мацIазда кучIдул рикIкIиналъул къец – «ХIамзатовасул цIалиял». Къецазда гIахьаллъи гьабуна школазда тIоритIарал гьединал тадбиразда бергьарал цIалдохъабаз. Исанаги районалда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна 18 школалдаса 59 цIалдохъанас. ЦIалдохъаби рикьун рукIана 4 батIияб къокъаялде: 1-4, 5-7, 8-9, 10-11 классал. Гьезие къимат кьезе гIуцIун букIана жюриги.**



Тадбир рагьана ва бачана информационниябгун методикияб централъул методист ГIабдула МухIамадовас.

КIалъазе вахъарав информационниябгун методикияб централъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас конкурсантазда баркана,

(Ахир - 4 аб. гъумер.)

# Бакълъулазул районалда «ХІамзатовасулал цІалиял»

**(Байбихьи - 3 аб. гьумер.)** абуна гьаб тадбир буссараб бугин халкъияв поэтасул творчествоялде цІалдохъабазул рокьи бижизабиялде, гьунар бугел лъимал тІаса рищиялде ва гьезул рахъккевиялде.

«Гумбет» газеталъул бетІерав редактор ХІамзат ГІизудиновас бицана поэтасул творчествоялъул хІакъалъулъ, рикІкІана Расулил цо-цо кучІдул ва конкурсантазе гьарана бергьенлъаби.

Къецалъул хІасилал гьарун, 1-4 классазул цІалдохъабазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ ккуна ПатІимат Ибрагьимхановалъ – ЧІиркъатІа СОШ – 4 класс, кІиабилеб бакІ Хьандулай СайгидмухІамадовалъ – Ингишо СОШ – 4 класс, лъабабилеб бакІ Азипат НурмухІамадовалъ ЛъаратІа СОШ – 4 класс.

5-7 классазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІалъе мустахІикълъана ПатІимат АхІмаднабиева – МелъелтІа СОШ – 7 класс, кІиабилеб бакІалъе ПатІимат Мансурова – ТІад Инхо СОШ – 5 класс, лъабабилеб бакІалъе ПатІимат Гьиматова – ЧІиркъатІа СОШ – 7 класс.

8-9 классазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ ккуна Макка Аккубеговалъ – МелъелтІа СОШ – 9 класс, кІиабилеб бакІ Зайнаб ГІабдусамадовалъ – Ингишо СОШ – 9 класс, лъабабилеб бакІ Мадина Хъазанбиевалъ – Гьарадирихъ СОШ – 8 класс.

10-11 классазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ ккуна Хадижат МухІамадовалъ – МелъелтІа СОШ – 11 класс, кІиабилеб бакІ Пайзат МухІамадовалъ – ЛъаратІа СОШ – 11 класс, лъабабилеб бакІ бикьана Хадижат СайгидмухІамадовалда - Игьали СОШ – 10 класс ва Сапият МуртазагІалиевалда - Гьарадирихъ СОШ – 10 класс гьоркьоб.

Къец лъугІун хадуб баркиялъулаб кІалъай гьабурав «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хьарагишиевас абуна пагьму-гьунар бугел лъималазул къадар цІикІкІунеб бугин. Баркала кьуна гьезие тарбия - лъай кьолел мугІалимзабазе. КІалъазе рахъарал жюриялъул членазги лъикІаб къимат кьуна цІалдохъабазул гьунар-махщалие.

Ахиралда къецазда бергьаразе кьуна информационниябгун методикияб централъул рахъалдасан грамотаби ва сайгъатал.

**ГІайшат Исламбиева**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## Сагъри-ЦІияб Аргъвани шагъранух къачІана

**Бакълъулазул районалъул Аргъвани ва ЦІияб Аргъвани росабазул гІадамаз жидерго къуваталдалъун къачІана Сагъри-ЦІияб Аргъвани шагъранух.**



«Нухде чабах чІвана, гвендахарал бакІал рукІинаредухъ гьеб тІибитІизабуна, цІадал ран, ихх бачІунел бакІазда рогІрал лъуна. Нух къачІазе гІадамаз гІарац кьуна. ХІалтІизе рахъана волонтерал, росуцоял», - ян абуна «Сельсовет “Аргванинский”» росдал поселениялъул бетІер АхІмадбег Ибрагьимовас.

**«Гумбет» РИО**

ГІЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧІЕБ ЖО

## Школлъималазул ТІолгороссиялъул олимпиадаялъул тІоцебесеб этап - Игьали школалда

**Сентябрь моцІалда Игьали гьоркьохъеб школалда тІобитІана школлъималазул ТІолгороссиялъул олимпиадаялъул тІоцебесеб этап.**



Олимпиадаялда гІахьаллъана 7 - 11 классазул 38 цІалдохъан. Гьеб тІобитІана литератураялъул ва ОБЖялъул (основы безопасности жизнедеятельности) предметазул.

Олимпиадаялъул школалъулаб этапалда призовиял бакІал ккураз гІахьаллъи гьабизе буго кІиабилеб (муниципалияб) этапалда.

**«Гумбет» РИО**

МАДАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

## ДандчІваялги, гара-чІвариялги, спортивиял къецалги

### Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо кІодо гьабуна Бакълъулазул районалда

**Бакълъулазул районалъул росабалъ Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо кІодо гьабуна рохалилаб ахІвал-хІалалда. Маданиял учреждениязда, библиотекабазда, школазда тІоритІана батІи-батІиял тадбирал, дандчІваял, гара-чІвариял.**

Районалъул лъималазулгун гІолилазул библиотекаялъул хІалтІухъабаз гІуцІана «Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъулъ буго нилъер къуват» абураб выставка. Гьеб берцин гьабун букІана суратаз, тІахьаз, Дагъистаналъул байрахъалъ, Республикаялъул цебетІеялъул бицунел материалаз.

ЦІияб Данухъ школалда мугІалимзаби, цІалдохъаби, росдал администрациялъул хІалтІухъабиги гІахьаллъун ва маданиябгун хІухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ХІузаймат Багьавудиновалъ тІобитІана дандчІвай. ДандчІваялда гара-чІвариял гьаруна Дагъистаналъул, гьелъул миллатал гІемераб халкъалъул хІакъалъулъ. Ахиралда школлъималазда гьоркьоб тІобитІана шахматал хІаялъул турнир.

МелъелтІа росдал маданиябгун хІухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГІазра РурухІмаевалъ дандчІвай гІуцІана. Гьенире рачІун рукІана МелъелтІа аслияб школалъул мугІалимзабиги цІалдохъабиги. Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялда хурхун кучІдул рикІкІана, гара-чІвари гьабуна.

ЦІиликь росулъ маданиябгун хІухьбахъиялъул централъул нухмалъулев ГІабдухаликъ ГІубайдовасул хІаракаталда данделъиялда гІахьаллъаразе «Рекъел ва гьудуллъи дуе, Дагъистан» абураб темаялда гара-чІвари гьабуна. Хадур лъималазда гьоркьор спортивиял къецалги тІоритІана.

**«Гумбет» РИО**

# Памятка телезрителю

**С 1 января 2019 года Республика Дагестан переходит на цифровое эфирное телевидение.**

Цифровое эфирное телевизионное вещание позволяет существенно повысить качество изображения и звука, расширить число доступных населению телеканалов, экономить частотный ресурс, а также предоставляет возможность развития новых современных услуг.

Преимущество цифрового эфирного телевидения перед предложениями коммерческих операторов – отсутствие абонентской платы за основные обязательные общедоступные каналы первого и второго мультиплексов.

**Как подключиться к эфирному цифровому телевидению?**

Подключение оборудования для просмотра цифрового эфирного телевидения не занимает много времени и не требует специальных навыков и знаний. Для приема ЦЭТВ на новом телевизоре с поддержкой стандарта DVB-T2 нужна лишь антенна ДМВ диапазона. Для старого аналогового телевизора, кроме антенны, нужна специальная приставка (SetTopBox, STB, или просто «цифровая приставка»).

**Как узнать, нужно ли мне дополнительное оборудование?**

Если рядом с логотипом аналоговых версий телеканалов «Первый канал», «Россия 1», НТВ, 5 Канал, Рен-ТВ и СТС вы видите литеру «А», значит вы смотрите старый аналоговый телевизор, либо пользуетесь новым телевизором, не переключенным в режим приема цифрового сигнала.

В цифровой версии указанных каналов литера отсутствует.

Если вы увидели на экране литеру «А»

- Проверьте в настройках вашего телевизора, доступен ли прием цифрового сигнала.
- Если ваш телевизор не принимает цифровой сигнал, до января 2019 г. рассмотрите возможность приобретения нового телевизора или цифровой телеприставки. Для просмотра цифровых программ потребуется телевизор формата DVB-T2 или адаптация старого телевизора посредством цифровой приставки. Владельцы старых аналоговых телевизоров, которые не приобретут новое оборудование до января 2019 г., потеряют возможность смотреть федеральные телеканалы.

По любым вопросам, касающимся пользовательского оборудования, обращайтесь в федеральную «горячую линию» ФГУП «РТРС» по телефону:

8-800-220-20-02 или на информационный интернет-портал ФГУП «РТРС» по адресу: rtrs.rf, а также во все филиалы МФЦ Республики Дагестан.

Номера оперативной службы филиала РТРС, работающей в круглосуточном режиме: 8 (722) 55 27 27 - колл-центр

БетІерав редактор
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал:
ГІайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Петр
ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цІаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватІибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.